



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 82 MILYON DOLA KÒM OPÒTINITE FINANSMAN
POU AMELYORE ATIZAY AK KILTI ETA NEW YORK**

***Direktiv sou aplikasyon pou sibvansyon Konsèy pou Zèv Atistik ane fiskal 2024 la
disponib kounye a***

Baze sou finansman istorik ane pase a pou sipòte òganizasyon atizay ak kilti

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 82 milyon dola nan sibvansyon Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik (New York State Council on the Arts, NYSCA) yo disponib kounye a pou òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif ak atis endividiyèl atravè Eta New York. Lansman sibvansyon sa yo pral bay finansman fleksib pou sipòte yon pakèt òganizasyon ak aktivite atistik, tankou ede atis endividiyèl yo kreye nouvo travay, soutni pwogramasyon nouvo ak ki deja egziste nan òganizasyon kominotè yo, ogmante aksè a espas repetisyon ak estidyo abòdab, ak elaji opòtinite pou rezidans atizay espektak yo. Aplikasyon yo disponib kounye a nan arts.ny.gov.

"Atizay ak kilti te yon pati enpòtan nan idantite New York depi lontan, ak yon eleman enpòtan nan siksè eta nou an kòm yon kote ki rich ak dinamik pou viv, travay ak vizite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Opòtinite finansman vital sa yo pral ranfòse sektè kreyatif nou an nan sipòte yon pakèt pwojè divès ak inovatè, epi yo pral pèmèt òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo devlope ak grandi, pandan y ap fè li pi aksesib pou Nouyòkè yo ak vizitè yo".

Y ap òganize yon wèbinè lansman pou opòtinite NYSCA ane fiskal 2024 nan jedi 18 me a 11 a.m. Enskripsyon an [disponib isit la](#).

Direktiv pou opòtinite sa yo disponib pou telechaje sou [sitwèb NYSCA](#):

- **Sipò pou òganizasyon yo**
 - Ofri finansman fonksyònman ak pwogram ki fleksib pou òganizasyon atizay ak kiltirèl kalifye. Prim sibvansyon yo varye ant 10,000 a 49,500 dola.
- **Sipò pou atis yo**

- Finanse komisyon kreyatif pou atis endividyèl yo atravè eta a. Zòn komisyon an gen ladan koyegرافي, konpozitè, fim, medya, ak nouvo teknoloji, atizay popilè ak tradisyonèl, entèdisiplinè, literati, komisyon teyat, ak atizay vizyèl. Montan prim lan se 10,000 dola.

- **Sipò pou opòtinite sible yo**

- Espas repetisyon ak estidyo pou atizay espektak: Finansman sa a gen entansyon sipòte tan repetisyon kreyatif ak òganizasyon ki bay espas solid ak abòdab pou gwoup atizay ak atis ki san bi likratif yo. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.

- Aprantisaj atizay popilè ak tradisyonèl: Finansman sa a bay moun ki gen eksperyans nan atizay popilè yo opòtinite pou yo etidye ak mèt atis popilè ki soti nan pwòp kominote yo. Montan prim lan se 10,000 dola.

- Rezidans atizay espektak. Opòtinite sa a sipòte yon rezidans minimòm 3 semèn konsekitif pa gwoup atizay espektak ki baze nan New York nan yon zòn vize nan Eta New York andeyò konte aplikan an soti ak andeyò Vil New York. Prim yo varye ant 15,000 a 35,000 dola.

- **Sipò pou nouvo sibvansyon ak sèvis**

- Sipòte finansman nan sit Kominote Nouvo Sibvansyon Eta (State Community Regrant) - yon rezo òganizasyon atizay ak kiltirèl rejyonal ki sitiye nan tout eta a - ki pwofite ekspètiz lokal yo pou pwolonje enpak sibvansyon NYSCA a bay atis ak òganizasyon san bi likratif nan tout 62 konte yo ansanm ak finansman bay òganizasyon yo pou sèvis ou teren. Opòtinite sa a se sèlman sou envitasyon.

Pòtay aplikasyon an pral ouvri nan jedi 1 jen. Dat limit pou aplike se jedi 13 jiyè, a 4 p.m. Tout aplikan yo dwe konplete pwosesis prekalifikasyon atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York (NYS Grants Gateway) anvan yo aplike pou yon sibvansyon. NYSCA ankouraje aplikan yo pou yo kòmanse pwosesis prekalifikasyon an pi vit posib. Yo pral anonse opòtinite pou Sibvansyon Pwojè Kapital yo nan sezon otòn la.

Opòtinite istorik sa yo pou sektè atizay ak kilti kontinye nivo istorik finansman nan atizay ane pase a, ki gen ladan sipò san parèy pou pwojè kapital yo. Nan ane fiskal 2023, NYSCA te bay 90 milyon dola nan sibvansyon sipò bay 426 atis ak plis pase 1,200 òganizasyon.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare,

"Pandan moman kritik sa a nan rekiperasyon ak revitalizasyon, se avèk gwo rekonesans pou Gouvènè a ak Lejislati a ke nou selebre sipò kontinyèl sa a pou sektè atistik ak kiltirèl la. Pandan atizay ofri yon retou enkwayab sou envestisman, nou konnen sipò enpòtan sa a pou atizay ap ogmante plis byennèt pèsone, sante kominote ak pwosperite ekonomik New York ak tout moun ki vizite isit la".

Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare,

"Misyon renouvle NYSCA afime angajman nou *pou ankouraje ak fè avanse ansanm*

atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul ak Lejislati a, NYSCA pral kontinye ofri sipò finansye enpòtan bay òganizasyon atistik ak kiltirèl pou benefisyè atis, piblik, elèv, kominote, ak vizitè Eta New York yo".

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Atizay ak kilti enpòtan anpil pou ekonomi nou an, kominote yo, ak popilasyon atravè eta nou an. Atizay enspire ak nourri lespri kolektif nou, epi mwen felisite NYSCA pou anons jodi a ak angajman kontinyèl li pou sipòte atis ak òganizasyon New York yo".

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Li esansyèl pou nou rekonèt ak sipòte pouvwa remakab atizay, ki revigore tout aspè nan eta nou an. Mwen rekonesan anvè kòlèg mwen yo pou efò yo nan ede nou jwenn yon bidjè atistik enpòtan, asire ke New York kontinye briye kòm yon sant mondyal pou atizay ak kilti. Mwen anvi wè rezilta ki gen enpak NYSCA pral atrenn gras a sibvansyon li atravè eta nou an".

Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan

NYSCA prezève epi fè avanse sektè atistik ak kiltirèl yo ki fè Eta New York gen yon plas eksepsyonèl pou viv, travay epi vizite. Konsèy la defann dwa tout Nouyòkè pou eksperimante kontribisyon ki vital ke zèv atistik yo fè nan kominote, edikasyon, devlopman ekonomik, ak kalite lavi nou. Pou sipòte rekiperasyon zèv atistik k ap kontinye nan Eta New York, NYSCA ap akòde bay 127 milyon dola nan ane fiskal 2024 la, sa k ap bay sipò nan tout aspè atizay.

NYSCA ap fè kilti kreyatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite <http://www.arts.ny.gov>, epi swiv paj Facebook NYSCA, Twitter [@NYSCArts](https://twitter.com/NYSCArts) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](https://www.instagram.com/NYSCouncilontheArts).

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418